Хьехархо-къинхьегаман ветеран Шавхалова Залпат



«Муьлххачу а йукъараллин декхар ду шен ненан мотт Iалашбар, т1екхуьуш йолчу т1аьхьенашка халкъан син-хазна дIакховдор».

Кадыров Рамзан Ахматович,
Нохчийн Республикан Куьйгалхо

Тахана шуна йовзийта лаьа суна, Гуьмсан кIоштан Ишхойн-Йуьртан йуккъера йукъарадешаран ишколехь нохчийн мотт, литература хьоьхуш, шен дахаран дукхах долу шераш, шен ерриг дегайовхо Ишхойн-Йуьртара йуккъерчу ишколан хьехархочун балхана дIаделла йолу – Iалаудин йоI Шавхалова Залпат.

Хьехархо, къинхьегаман ветеран Шавхалова Залпат йина 1946-чу шеран 4-чу октябрехь, ГIиргIазойн ССР-н Ошски областан Фрунзенски районера ХIайдаркан йуьртахь, Iалаудин доьзалехь. Залпатин 9-10 шо дара вайнах шайн Даймахка цIабоьрзучу хенахь. Даймахка цIадирзича цо дешарх йукъах а ца йолуш, 1965-чу шарахь цо кхиамца чекхъйаьккхира Нажин-Юьртара Суьйренан йуккъера йукъарадешаран школа. Цу хенахь Ишхойн-Юрт а, Нажин-Юьрт кIоштана йукъайогIуш йара. Оццу шарахь йахара иза шайн йуьрта нохчийн меттан, литературан хьехархочун балха а. 1967-чу шарахь, балхах йукъара а ца йолуш (заочно), Нохч-Г1алгIайн хьехархойн институте деша йахара Шавхалова. Оцу хенахь атта дацара ламанан йарташкара нохчашна, къаьсттина мехкаршна, гIала деша баха. 1973-чу шарахь Шавхалова дешна йолуш вайн хьехархойн институтах Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университет йира. Нохч-ГIалгIайн АССР меттахIоттийначул т1аьхьа деша боьлхучу ламанхойн мехкарийх хьалхарчу могIарашкахь хиларал сов, шайн йуьртахь лакхарчу дешаран дуьххьарлера студент а, хьехархо а йу Шавхалова Залпат. 1973-чу шарахь Залпат НГIПУ (ЧИГУ) чекхъйаьккхина лаккхара дешаран диплом а долуш, ненан меттан хьехархочун корматаллa а, зеделларг а долуш говза педагог йара.

Шеко йоцуш, т1екхуьучу тIаьхьенан ненан матте йолу марзо совйоккхуш, цуьнан сий-ларам бар, иза кхиор шен коьрта Iалашо а хIоттийна къахьоьгуш схьаеана хьехархо йу Шавхалова. Тахана, ишколехь нохчийн мотт кхиорехь къеггина лар йитинчу хьехархойн могIарехь лара хьакъ йу иза.

Шавхалова Залпат «Къинхьегаман ветеран», «Россин Федерацин образованин ларамe белхало», «Лаккхара категорин говзаллин хьехархо» йу. Иштта, Нохчийн Республикан Правительствос, Дешаран, Iилманан Министерствос, гIалин образованин урхалло сийлаллин грамоташца дукхазза билгалбаьккхина цуьнан болх. Вайна ма-хаъара нохчийн ламасташ, гIиллакхаш, оьздангалла, йахь, йуьхь, йукъараллин 1ер-дахаран кеп вайн маттаца йоьзна йу. Тахана 57 шо (1965-2022шш.) берашна нохчийн мотт,

литература хьоьхуш д1аделла ца 1аш, бераш нохчоллин ламасташца кхетош-кхиорехь долчу гІуллакхана йукъа шенначул дакъа диллина цо.

Лакхахь билгал ма-даккхара, цо шен къинхьегаман некъ д1аболийра 1965-чу шарахь. Баккхийчара дийцарехь, вайнах ц1абирзина д1атарбелла бовланза хенаш хиларе терра, д1аса а бахана деша хала хенаш хилла уьш. Иштта, оцу шерашкахь вайн ярташкахь кІеззиг хилла зударий-хьехархой а.

Залпатин корматаллин а, кхоллараллин а балхах лаьцна даггара довха дош олуш дийцира Ишхойн-Юьртан юккъера юкъарадешаран школан директора А. Оздамировс:

-Шовхалова Залпат, хьехархочун белхан доккха зеделларг долуш, лаккхара говзаллин хьехархо хилла ца Іаш, шеца  кхоллараллин белхан хьуьнар долуш а йара. Шо шаре мел дели а замане терра хийцалуш схьайог1уш йу вайн дешаран система. Цуьнца хийцало хьехаран методика, кхийолу хьехаран, технологин кепаш, керла йукъадалораш. Царах вола атта а дац. Амма Залпатина сиха карайоьрзура керлачу методикан программа. Шен болх бан ма-беззара д1абахьа хууш, берашна ша дІахьеха дезарг дика девзаш, хьехаран керла технологин программа дика евзаш, бераш дика кхетош, говза хьехархо йара Шовхалова. Цундела дешархошна, коллективана, дай-наношна хьалха лаккхара сий-ларам бара цуьнан. Массо аг1ор а карарчу хенан лехамашна дуьззина жоп луш йолу хьехаран методикаца болх бан а хууш, кхиаме хьехархо  а хилла чекхъяьлла Залпат х1окху ишколехь. Цундела цуьнан урок а къаьсттина дукхаезара дешархошна.

Ненан меттан литературин урокехь х1ора произведенин турпалхо, цуьнан дахар, и ваьхна хан-зама, цуьнан син-ойланаш, амал, вахаран васт дуьззина х1отто хууш хьехархо йара Залпат. Нохчийн мотт дешархошна марзбар, цуьнан сий, ненан сий санна, айина лелор, доьзалехь иза мерза, хаза, оьзда, гІиллакхехь бийца Іамор-коьрта Іалашо йолуш 60 шарахь гергга болх бира цо.

Шавхалова Залпат жигара, цІенчу даггара хьехархочун корматалла езаш хьанал белхало хиларан тоьшалла ду иза. Дешархойн, коллективан, дай-нанойн хьалха лаккхара сий-ларам болуш йара. Иштта, говза хьехархо, балхат1ехь керланиг, пайдениг довзарехь хьалхарчу могІарехь а йолуш дика чекхъяьлла иза. 58-шо хьехархочун балхана а дІаделла, 2022-чу шеран аьхка дуьйна пенсехь йу.

Иштта, коьртачу Іалашонехь латтадора Залпата дешархой доьзалехь а, йукъараллехь а буьйцучу маттаца, амалца, кхиарца, къамелаца, хьо-со хиларца, оьзда, гІиллакхехь кхиор. Оцу агІорхьа, Шовхалова шен Іалашоне кхаьчна хиларх тешна ву со, -дерзийра Оздемировс шен къамел.

Залпат дешархойн хьехархо хилла ца Iара. Тхо а дара цуьнгара зеделлачух, цуьнан хьехаран некъах пайда оьцуш. Со 2010-чу шарахь еара Ишхойн-Юьртара йуккъера йукъарадешаран ишколе нохчийн меттан, литературан хьехархочун балха. Къоначу хьехархошна г1о-накъосталлина дика хьехамча хилла чекхъелира Залпат. Нохчийн маттах лаьцна шегара г1о оьшуш динчу хаттарна дала кийчча жоп хуьлура цуьнан даима а. Цуьнан урокаш ша-тайпана кхолараллин чулацамах йуьззина хуьлура, берашна дагахь латта аттачу кепехь д1ахьора Залпата керлачу темин урокан дакъа. Гайтаран г1ирсашца массо аг1ор пайдаэца кхиайора, бераш ша дуьйцучунна, хьоьхучунна т1едерзо говза йара. Шен зеделларг къоначу хьехархошца доькъура. Чулацаме докладаш йиийцаре йора хьехархойн кхеташонашкахь, семинарашкахь, методикан цхьаьнакхетаршкахь. Дешархошна йукъахь дIахьора къоман яздархойн, поэтийн произведенеш дика еша къовсуш конкурсаш, дика дакъалоцура школан юкъараллин дахарехь а. Къаьсттина говза йара иза йиллина урок д1аяхьар т1ехь. Залпата олура тхьога,

-Къоначу хьехархошкахь бераш кхетош-кхиорехь ондда собар хила догIу. Къаьсттина собаре хила беза къона филологаш. Мотт нийса, хаза бийцаро йахъеш йу къоман оьмар. Меттан сийдайча довш ду къам. Ткъа нохчийн къам-жима къам ду. Цундела вайн йиш йац, вайн тIаьхьенна ненан мотт хаза, нийса бийца Iамош собарах доха. Вай дагахь латто деза Нохчийн Республикан Хьалхара Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас, (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) ненан маттах лаьцна аьлла дешнаш:

«Сан герз-иза бакъонан дош ду, оцу герзаца аса муьлхха а мостагI эшор ву. Къонах декхарийлахь ву шен ненан мотт хаа. Нохчийн къам дийна хиларан мокхазан чIагIо йу нохчийн мотт».

Къоначарна ненан мотт, нохчийн мотт дика Iамор, хаза, нийса, оьзда, цIена бийца Iамор,-иза уггаре хьалха шен къоман сийдар ду. Иштта, шайн сийлахьчу нанойн, оьздачу дайн сий-ларам бар а ду. Цара йоI-б1аьрг санна ларбеш схьабеана ненан мотт меттахь латтор-иза вайн хIораннан сийлахь декхар ду. Делахь а, хьехархочун уггаре а сийлахь декхар, сийлахь говзалла-иза бераш дезар лору Залпата. Т1екхуьу чкъуран ненан матте, литературе, къоман фольклоре, юкъараллин дахаре безам кхолларца-уьш къоман сийлахь ламасташ, гIиллакхаш, культура, шайн истори кIорггера йовзарна герга дуьгура Залпата. Тхан ишколан хьехархойн коллективан белхалой хIора а бохург санна, цуьнан дешархо хилла ву. Тахана республикехь а, республикана арахьа а тайп-тайпана белхашкахь, даржашкахь хьанал къахьоьгуш схьбогIу Залпатана хьалхахула чекхбевлла дешархой-юьртахой. Цара боккхачу ларамца, баркаллица йоккху цуьнан цIе тахана а.

Имам Шемала ша Калугехь йийсарехь волуш шега, -т1аме муьлхачу маттахь волура хьо тхоьца?-аьлла эпсаро шега динчу хаттарна иштта жоп делла:

-Г1умкийн маттахь безам а буьйцура ша, доттагІашца къамел а дора ша. ЖІайн маттахь тІаме волура ша. Ткъа нохчийн мотт-иза безам бийца а, хьаша-да тІелаца а, доттагІчуьнга бийца а, мостагІашца тІаме вала а богІуш товш, къонахийн мотт бу.

Вайн къомах Нохчийн мотт-иза вайн къоман-турпалчу къонахаша-Нохчийн Республикан хьалхара Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас (Дала г1азот къобалдойла цуьнан), Кавказан хьалхара имама Алдара Мансура, Таймин Биболата, Адин Сурхос, вайн эвлияаша Киши-Хьаьжас, Воккха-Хьаьжас, Байбетар-Хьаьжас, и. дІ. кх. (Дала къайле тойойла церан) бийцина мотт бу. Бакъо а, йиш а, даха меттиг а йац вайн Ненан маттах а къаьстина.

Дала хьуьнар, иэс, хьекъал лойла вайна Ненан мотт меттахь латто!

Инеркаева Милана
Гуьмсан районан Ишхойн-Юьртара
Нохчийн меттан, литературан 6-7-чу
классийн хьехархо